दिन–मंगलवार दिनांक–25.03.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति इंटर परीक्षा दू हजार पचीसक परिणाम जारी कऽ देलक अछि। एहि वर्ष छियासी दशमलव पाँच प्रतिशत परीक्षार्थी सभ उत्तीर्ण भेलाह अछि। शिक्षा मंत्री सुनील कुमार आइ पटनाक बोर्ड कार्यालय मे परिणाम जारी कयलनि। कला, वाणिज्य आओर विज्ञान तीनू संकाय मे छात्रा टॉप कयलनि अछि। वैशाली सेहन राजकीयकृत बी.एन उच्च विद्यालयक छात्रा अंकित कुमारी कला संकाय मे चारि सय तिहत्तरि अंकक संग प्रदेशभरि मे पहिल स्थान प्राप्त कयलनि। ओतहि, वैशालीक जे.एल कॉलेज हाजीपुरक छात्रा रौशनी कुमारी चारि सय पचहत्तरि अंक लाबि कऽ वाणिज्य संकाय मे पहिल स्थान प्राप्त कयलनि। एम्हर, पश्चिम चंपारणक हरनाटाड़ राजकीय राज्य संपोषित एस.एस प्लस टू विद्यालयक छात्रा प्रिया जायसवाल चारि सय चौरासी अंकक संग विज्ञान संकाय मे सर्वोच्च स्थान हासिल कयलनि अछि। एहि वर्ष बारह लाख अस्सी हजार परीक्षार्थी सभ परीक्षा देने छलाह। एहि मे एगारह लाख सात हजार सँ बेसी परीक्षार्थी सभ पास कयलनि अछि। बोर्डक अध्यक्ष आनंद किशोर जनौलनि जे एहि वर्ष टॉपर सभ के भेटयवला राशि दुगूणा कऽ देल गेल अछि। श्री किशोर जनौलनि जे कतेको संकाय मे पहिल स्थान हासिल करयवला विद्यार्थी सभ के एक लाखक बदला दू लाख टाकाक प्रोत्साहन राशि देल जायत। ओ जनौलनि जे जे विद्यार्थी सभ परीक्षा परिणाम सँ संतुष्ट नहिं छथि ओ सभ एक अप्रैल सँ आठ अप्रैल धरि स्क्रुटनी लेल आवेदन कऽ सकैत छथि। श्री किशोर जनौलनि जे कंपार्टमेंटल परीक्षा अप्रैल आ मई मास मे होयत। जाहि लेल विद्यार्थी सभ एक सँ आठ अप्रैल धरि आवेदन कऽ सकताह।

---

विधानसभा आओर विधान परिषद मे आइ आरक्षणक मुद्दा के लऽकऽ विपक्षी सदस्य सभ जमिकऽ हल्ला–गुल्ला कयलनि। जाहि सँ दुनू सदनक कार्यवाही कतेको बेर बाधित भेल।

विधान परिषद मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आओर नेता प्रतिपक्ष राबड़ी देवीक बीच नोक–झोंक सेहो भेल। श्री कुमार राजद सदस्य सभ के सदन मे आरक्षण मुद्दा पर नारा लिखल हरियर टी–शर्ट पहिर कऽ आयला सँ बेसी नाराज छलाह। एम्हर, विधानसभा मे सेहो राजद सदस्य सभ हरियर रंगक टी–शर्ट पहिर कऽ विरोध जतौलनि।

———————————————————————————

शिक्ष मंत्री सुनील कुमार जनौलनि अछि जे राज्य मे शिक्षक भर्ती मे डोमिसाइल नीति अखन लागू नहि होयत। विधानसभा मे आइ राजदक भाई वीरेन्द्रक तारांकित प्रश्नक उत्तर दैत श्री कुमार स्पष्ट कयलनि जे सरकार एहि पर अखन कोनो विचार नहि कऽ रहल अछि। संगहि विधानसभा मे एक प्रशनक उत्तार दैत शिक्षामंत्री जनौलनि जे शिक्षा भर्ती परीक्षाक तेसर चरण मे बीस सँ बाईस प्रतिशत राज्यक बाहरक अभ्यर्थीक चयन भेल अछि। अस्सी प्रतिशत अभ्यर्थी बिहारक छथि। ओ जनौलनि जे दिव्यांग बच्चा सभ लेल विशेष शिक्षक भर्ती कयल जायत। दिव्यांग शिक्षकक सात हजार सँ बेसी रिक्ति अछि।

———————————————————————————

विधान मंडल मे आइ एकतीस मार्च दू हजार बाइस कऽ समाप्त वित्तीय वर्ष सँ जुड़ल भारतक नियंत्रक आओर महालेखा परीक्षा–कैगक रिपोर्ट प्रस्तुत कयल गेल। एहि मे जनाओल गेल अछि जे बिहार राज्य फसिल सहायता योजना मे पचास लाख एकानवे हजार सँ बेसी सत्यापित आवेदन मे सँ छबीस लाख सँ बेसी आवेदन कतेको कारण सँ अस्वीकृत कऽ देल गेल। किसान सभक खाता मे आधार लिंक नहिं भेलाक कारण या खाता बंद भेला सँ वर्ष दू हजार अठारह सँ दू हजार एकैसक फसिल मौसम मे एकावन करोड़ सँ राशिक लेन–देन नहिं भऽ सकल। रिपोर्ट मे जनाओल गेल अछि जे राज्यक विश्वविद्यालय दू हजार सतरह सँ दू हजार बाईसक वित्तीय वर्षक बीच चारि हजार एक सय चौंतीस करोड़ सँ बेसीक राशि शिक्षा विभाग के सरेंडर कऽ देलक।

———————————————————————————

केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह तीस मार्च कऽ गोपालगंजक नव पुलिस लाइन मैदान मे जनसभा के संबोधित करताह। भाजपा प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल ई जनतब देलनि अछि। ओ गोपालगंज मे आइ जाकऽ सभा स्थल देखलनि आओर तैयारी के लऽकऽ कार्यकर्ता सभक संग बैसक सेहो कयलनि।

———————————————————————————

**एक राष्ट्र–एक चुनाव** पर संसदक संयुक्त समितिक कार्यकाल संसदक मानसून सत्रक अंतिम सप्ताहक पहिल दिन धरि बढ़ा देल गेल अछि। समितिक अध्यक्ष पी.पी चौधरी आइ लोकसभा मे एहि लेल प्रस्ताव रखलनि। जाहि के सदन स्वीकृत कऽ देलक।

———————————————————————————

पश्चिमी विक्षोभक असरि समाप्त भेलाक बाद राज्यक कतेको भाग मे तापमान फेर सँ बढ़ि रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार राज्यक उत्तर–पश्चिम, उत्तर–मध्य आओर उत्तर–पूर्वी क्षेत्र मे कतेको ठाम उच्चतम तापमान चौंतीस डिग्री सेल्सियस सँ बेसी रहल। पछिला चौबीस घंटाक बीच मधुबनी राज्यक सभ सँ बेसी गर्म स्थान रहल। जतऽ अधिकतम तापमान पैंतीस दशमलव दू डिग्री सेल्सियस रहल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे अगिला दू सँ तीन दिनक बीच राज्यक बेसी क्षेत्र मे अधिकतम तापमान औसत तीन डिग्री सेल्सियस बढ़ि सकैत अछि।

———————————————————————————

समाप्त